

Ассаламу гIалайкум!

Ахихъан

Унсоколо районалъул газета «Садовод»

Газета бахъизе байбихьана 1937 с.

sadovoduns@yandex.ru

№ 32 (7172) 14 август Рузман 2015 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ

«Точка роста» проект

Мурад - росу цIи гьабун гIуцIи

Араб щамат къоялъ – 8 августалда ИнкIкIвалитIа росулъ тIобитIана «Росдал къо». Гьеб тадбир гIуцIаразул цояллъун ккола республикаялъул батIи-батIиял бакIазда гIумро гьабун ругел гьеб росдал гIадамал А. АхIмадов, М. Мусаев, А. ГIалихIажиев ва цогидалги. Гьеб тадбир тIобитIиялъе аслияб мурадлъун букIана рехун тараб росу рукIалиде ккезабун цIи гьаби, гьелъул гIадамал жидерго гIагараб росулъе тIад руссинариялъе квербакъи.

«Росдал къоялъул» байрамалда гIахьаллъи гьабуна районалъул администрациялъул, мадугьалихъ ругел росабазул вакилзабаз, гьединго мадугьалихъ ругел Гумбет, Болъихъ, районазул цо-цо росабазул гIадамаз. Баркиялъулаб кIалъайгун данделъаразда цеве кIалъазе вахъана ИштIибури росдал администрациялъул бетIер М. МухIамадов.

- ЛъикI щварал, хириял росуцоял ва гьалбал,-ян абуна МухIамадовас. – Жакъа буго нилъер киназулго кIудияб праздник – кIодо гьабулеб буго росдал къо. Нилъер росу – гьеб ккола нилъер щивасе хирияб ва гIагараб бакI, гьединлъидалин гьаб жакъасеб праздникалъухъ нилъер киналго тIубараб лъагIелалъго хIалакун ралагьун чIун рукIарал. Ва гьале ахир-къадги гьеб къо бихьана нилъеда. РакIракIалъ баркула киназдаго, гьудулзаби, росуцоязул праздник. Жакъа росдаца кIодо гьабулеб буго жибго гIуцIараб къо. Нилъеца гьеб лъугьабахъин баркулеб буго киналго росуцоязда ва баркалаялъул рагIаби абулел руго нилъер хIурматиял гьалбадерида. Гьеб праздник ккола гIисиназулги чIахIиязулги, ай росдал тIолалго гIадамазул праздник. Узухъда щивас жидерго бутIа лъолеб Бергьаразе кьуна районалъул администрациялъул рахъалдасан къиматал призалги сайгъаталги.

Данделъиялъул ахиралда гьеб тадбир гIуцIараз баркала кьуна гьеб г1уц1изе кумек гьабураб районалъул администрациялъе ва гьениб жигараб гIахьаллъи гьабурал киназего.

буго гьеб къоялъ ИнкIкIвалитIа праздникалъулаб, батIи-батIиял кьеразул релъеназ берцин гьабураб ахIвалхIал букIинабиялъе. Нижеда ракIалде ккола гьадинаб праздник росулъ щибаб соналъго тIобитIилилан.

«Росдал къо» байрамалда кIалъазе рахъана МахIмудил фондалъул председатель XI. МухIамадов, Бабаюрт районалъул ЦIияб Хъара росдал администрациялъул бетIер М. ХIажиев. Районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГI. НурмухIамадовасул цIаралдасан росуцоязда байрам баркана М. МухIамадовас. Хадуб гIолохъабаз ахIана мавлид.

Гьелдаса хадуб букIана росулъ бугеб МухIамадхIажи ГIабдулаевасул зиярат рагьи ва гьеб цIи гьаби. «Росдал къо» тадбир берцин гьабун букIана батIи-батIиял тайпатазда тIоритIарал спорталъул къецаз.

Редакторалъул колонка

КъучIбузухъан кваналеб буго халкъ

Жакъа Дагъистан ккун бугеб бакI бихьулев чиясе чиярлъиларо Дагъистаналъул БетIер Р. ГIабдулатIиповас бачунеб нух. Щай абуни ахирал соназда бищунго цебетIураб рахъ республикаялда букIана чIвадарухъанлъи. Гьеб гьукъана ва гIадамаз эркенго хIухьел цIазе байбихьана. КIиабизе мусор балел бакIал нилъеда «къосун», бакIазул сверухълъиялъул чороклъиялъ сурулел рукIана нилъ. Гьелъулги гьанже дагьабго лъикIаб рахъалдехун хиси кколеб буго. Лъабабизеги киналго рахъал хIисабалде росани нилъ цIикIкIун кколел руго сундулъго. Босани ралел бакIал. Ралагье МахIахъалаялде. Сундулго пикру гьабичIого бутIрул свераразгIадин тротуар, нухлул свералаби ратIа гьаричIого ран руго рукъзал, тукаби, бизнесалъе бакIал. Шагьар толеб ва перевалалдехун рачIунеб нухда цо рорхатал цо къокъал рекъей рекъонгутIиялъухъ ралагьичIого рарал бакIал... БитIахъего ясикIабазул театралъул декорацияйин ккола сверухълъи. ГIарац бугелщинал цого гIадамаз гьарулел закониял гурел ишал, кинабго нижее, -ян лъугьараб тIалъи, тIокIкIун хIалтIи бачине бокьаразе кьоларел ресал...

Гьединаб ахIвал-хIал лъугIизабиялъе хасал приоритетниял проектал ургъун руго республикаялъул БетIерас, гьел гIумруялде рахъинаруни кIудияб цебетIей ккезе буго Дагъистаналда. Амма гьелъиеги бигьаго нух биччалеб гьечIо нахъехун цIалез.

Тукабаздаса росарулел гIадамазухъ ялагьула дун ва хIисаб гьабула халкъ къучIбузухъан кваналеб бугилан. Ахал-хурзал рехун тана, къватIисел пачалихъазул Россиялъул халкъ лъугIизе химиялдалъун хьезабураб пихъ ва цогидабги босула. Гьанже санкциялги лъун, гьебцин биччалеб гьечIо гьез нилъее. Нилъерго бачIин гIезабичIого кире нилъ гьанже рорчIилел? Ракь хIалтIизабизе абуни нилъер гIолеб гIел ругьунлъун гьечIо.

Цоги буго унтараб суал. Росдал магIишат хIалтIизабизе риччалел кредитал руго. Гьелде хьул лъурал гIадатиял гIадамаз налоговияб инспекциялдеги ун рагьулел руго счетал, гIемераб документациягги бакIарун хадуб щолеб гьечIо гьеб, рагьун хадуб хутIарал счетазул нулевияб процеталъухъ пенсионнияб фондалъ бахъулеб буго гIарац, «цо копеек кодобе дидаги щвечIого 60 азарго гъурущ дида тIад лъун бугин» гIарзалъ чи вачIана гьал къоязда редакциялдеги. ХIисаб гьабеха; мискинав, хIалалъ хъизан-рукъ хьихьарав чиясе гьеб рагьун 5-II азарго гъурущги хвезабун, кредитги щвечIого рокъоб бугебги фондалъе кьезе тIамулеб закон батани, гьеб кин бич1ч1илеб? ХIисаб гьабизе бачIуна, кидадай гIадатияб халкъалъе лъикIаб замана бачIина!-абун.

Амма кинабго рахъалъ ахIвал-хIал роцIинабуни ва приоритетниял проектаз гIадатияб халкъалъул ахIвал-хIал цIехани, халкъалъул гIумро лъикIлъилаан.

Ахихъан
Районалъул газета
№ 32 (7172)
14 август 2015 сон

БатIи-батIиял соназда Унсоколо районалъе нухмалъи гьабуна ва социалиябгун экономикияб рахъалъ гьеб цебетIезабиялъе кIудияб хIалтIи гьабуна М. ГьитIиновасовас, С. Хусеновас, ХI-ГI. Даняловас, ХI. Казиевас, ХI. ФатагIалиевас, З. МахIачевас, М-ГI. ГIабдурахIимановас, М-ГI. Камиловас, М. ХIажиевас, ГI. ГIамирхановас.

Район гIуцIун - 80 сон: нилъер гIадамал, тарих

ХIажил хазина тарих буго

Жакъа буго ритIухълъи гьечIолъиялъ чи хIакъир гьавулеб, бажари, яхI-намус хIатIикь тIамураб, букIинеселъе гIоло хIалтIизе кколищ кколарищ абураб суалалъе тIубанго жаваб щвечIеб замана. Борхалъуда жеги руго кIалбазарал, цIогьал, хIалихьалъи ва намус гьечIолъи. Гьелъ цебе баккизе толеб гьечIо рухIияб рахъ бечедал гIадамазул пикриябгун иш бажариялъул рахъ. У, борхалъуда буго кисанго жидеего лъикIлъи балагьи, унго-унголъунги гIолеб гIелалъе нахъе хутIулеб тарих бакIари, ракьалда гьудул гьалмагълъи ва гIумро щула гьаби щущараб данде бакIарун гьечIо. Амма гIумро унеб буго, гьелъ цIиял свераби росичIого тунгутIиги бичIчIулеб жо буго…

Къо радалго буго, кидаго гIадин рогьалил бакъул чIорал сверухъ тIиритIулел руго. Жакъа гIумруялъул цоги къо рукIкIина, амма лъиданиги лъаларо ахаде щвелалде щиб иргадулаб къоялъ босун бачIинебали, рохалилабищ яги пашмалъиялъулабищ ругьел щвелебали. Гьединал пикрабазда Унсоколо росдал тIарада «ЦIудул гохIда» бугеб гIолел туристазул станциялде ине къватIиве вахъана гьелъул директор ХIажи Ибрагьимов. Гьесул чIамучIал пикраби рихха-хочизаруна РЦДЮТКялдасан телефоналде ахIун бачIиналъ. «20I4 соналъул февраль моцIалъ комитеталъ мун ахIулев вуго тIадеги лъай кьеялъул методисталпедагогазул лъай борхизабиялъул курсазде. Гьелдаса хадуб экзаменалги

кьун, жеги тIадегIанаб хIалтIуде хьул гьабизе рес буго дур,-ян лъазабуна гьесда. Гьеб лъикIаб хабар буго, амма Унсоколо районалъул тарихалъул тIехь хъвазе букIараб къасд рехун тезеги бокьичIо гьасие. Гьеб хъвазе цIикIкIараб кумек шагьаралда хIалтIулаго букIинги хIисабалде босун, ана республикаялъул край ва тарих лъазабулезул комитеталде хIалтIизе. Щибаб къо батIи-батIиял архивазда, музеязда, цогидалги улкаялъул шагьаразде сапаразда уна гьанже ХIажил.

Школаги институтги лъугIун хадув щивав вукIуна жинцаго тIаса бищараб махщалилавлъун, амма гьеб махщалида хIалтIун хадув чиясда бичIчIула кинаб ишалъе жив цIикIкIун ярагьуневали. I98I соналда Унсоколо гьоркьохъеб школалда историялъул учительлъунги хIалтIулаго байбихьана ХIажица захIматалъул нух. Хадув хIалтIана школалъул гIуцIарухъанлъун ва завучлъун. I995 соналда рагьана гIолел туристазул станция. Гьеб абуни ХIажица гIуцIана гIицIаб нолалдасан байбихьун. Тарихалда хурхараб ишалъулъе лъугьанагIан бичIчIана гьесда жив гьелъие вижарав вукIин. ЛъугIун ана гIумро бичIчIунгутIиялъул цересел ургьелал, жаниве лъугьун гIумро бичIчIанагIан бичIчIана гIумроялъулъ мустахIикъаб бакI батараблъи.

Чанго моцIалъ цебе СЮТалда кIодо гьабуна станция гIуцIун 20 сон тIубай. Гьенир кIалъазе рахъарал хIалтIухъабаздаса республикаялъул край ва тарих лъазабулел комитеталъул нухмалъулезде щвезегIан кIалъараз бицана ва мустахIикъаб баркала загьир гьабуна ХI. Ибрагьимовасул нухмалъиялда гъоркь коллективалъ бакIарун бугебщинаб материалалъухъ. Гьеб абуни гIемераб ва киналго ра хъал хIисабалде росарал руго. Станциялда руго районалда рахъарал машгьурал гIадамазул, бакIазул хIакъалъулъ бечедаб материал, музеялъул экспонатал гуребги районалъул гIорхъи-рахъалъул, хаслъабазул материалалгицин.

Цо-цояз буголъи данде гьабула, ХIажи Ибрагьимовас абуни даимго холареб хазина тарих бакIарулеб буго. Гьеб хисизабичIого, хаслъаби цIунун гIадамазухъе щвезабулеб буго ва нилъер районалъе бищунго къанагIатаб творчествалъулаб нух ккун унев вуго.

НухI битIаги, дуе ХIажи Ибрагьимов гьеб гьайбатаб нухда!

Саният КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.

ГIашилтIа росулъ цIияб гIумро гIуцIи



Граждан рагъдаса хадуб ГIашилтIа байбихьана цIияб магIишат гIуцIизе, хъвай-цIали лъангутIиялде гьужум гьабизе, социалияб демократия щула гьабизе. Бигьаго букIинчIо гьеб кинабго. I934 соналда ГIашилтIа рагьана байбихьул школа ва гьелъие нухмалъи гьабулеб букIана ХIамзатов (Малачиханов) Саладиница. ГIашилтIа колхоз гIуцIана I936 соналда. Колхозалде рачIунел гIадамал дагьал рукIана тIоцересел соназда. Байбихьуда гьенире рачIана I6 хозяйствалдаса гIадамал ва колхозалъе нухмалъи гьабулеб букIана Гереев МухIамадица. ТIубанго росдал гIадамал гIаммаб магIишаталде рачIана I939 соналда ва Кагановичасул цIар лъураб колхоз букIана гьеб I966 соналде щвезегIан.

Дол соназда культурияб гIуцIарухъанлъи цебетIезабиялда гIемерал хIалтIаби гьаруна, гьанже хадуб магIарулазда жал лъикIго лъалел кочIохъабилъун лъугьарал Мусаев ТIагьаца ва Чупанов Аминицаги, МухIамадхIажияв ва Написат ГIисакъовазги. ГIашилтIе гIемер щолаан магIарулазул машгьурал кочIохъаби Игьалиса КаримхIажияв, ГIарашил ГIумар, ГIабдулхан, ЧIиркъатIаса ГIабасил МухIамад.

ГIешдерил росу абизе бегьула тохтирзабазул росу бугилан. Жеги кIикъоялда анцIабилел соназдаго гьениса рахъана цо заманалда Москва областалъул «Заря» санаториялъул заведующаялъун йикIарай Аскарова Сапият, ГIарацханова Аминат, ГIабдулхIамидов МухIамад, Халилов Завур, ХIажиев Наби гIадал специалистал.

Хьиндаллъи гIураб ва гьава-бакъ рекъараб ГIашилтIа буго ахихъанлъи цебе тIураб бакIги. ГIешдерица бажарун пайда босула гьелдаса. Гьез цIилъизабун къачIана ва ахбазаналъул тIадегIанаб бечедаб бачIин кьолеб бакIлъун гьабуна ГIанди гIурул рагIалда 26 гектаралда тIибитIараб ХIакIвали майдан.

Ккараб къоги борхулел, бараб ахIулъ яхIги рехуларел ва гьелъие Шамилил заманалдасанго бихьинчилъи ирсалъе щварал гIадамал руго гIешел. ВатIан хIинкъиялда гъоркь бугел КIудияб ВатIаналъул рагъул соназда гьениса фронталде ана 67 гIолохъанчи ва гьездасан 35 гIолохъанчи рокъоре тIад руссинчIого рагъул авлахъаздаго хутIана. ГIашилтIа жакъа киназдаго бихьулеб букIалда, росдал иццда аскIоб, росулъе рачIунеб бакIалда, буго рагъда хварал росуцоязе гьез гьабураб памятник ва гIешдерие бищунго хирияб бакIлъун хутIулеб буго гьеб АхIулгохIалдаса хадуб.

Жакъа гIемерисезда лъала цIилъараб ва хисараб ГIашилтIа. Лъала даимго тIаса зиярататалъ рачIарал камулареб АхIулгохIалъул гуребги, магIарул чанго районазде хьвадулеб нух, гендерил тоннель бахъиялдалъун, гьезул росулъан букIунги. МагIарулазул цогидал росабалъ бугеб, ГIашилтIа камураб гьаб заманалда щибго гьечIо.

Унго-унголъунги данде гьабулеб бугони бечедаб тарих буго гIешдерил. Руго ва рукIана гьезул МухIамадов МухIамад ГIумарович, МухIамадов МухIамад Айдиевич, МухIамадов Халид, Халидов ГIабдулхIамид гIадинал жидерго бакI лъазабизе гъира бугел чагIи. Амма, щаялиго киналго гьел машгьуллъун рукIунаан АхIулгохIтIе. Цогидаб тарихалда хадур лъугьунел гьечIо ва гьеб лъазабулеб гьечIо. Дица цебеккун абухъе, АхIулгохIил хIакъалъулъ хъвай-хъвагIай гIемераб буго, руго рикIкIен гIемерал документал ва гьел киналго нилъехъ руго. Росдал цогидаб тарих лъазабиги кIвар бугеб жо ккола. Масала, ГIашилтIа вукIана рекъав Тимур Дагъистаналде чабхъад вачIараб заманалда магIарулалги рачун гьесда данде вагъизе вахъарав ва бергьенлъиги босун тIад вуссарав Гъази. Гьесул хIакъалъулъ буго халкъияб кечI. Амма гьев жеги тIубараб куцалда лъазавун гьечIо.

Ахихъан
Районалъул газета
№ 32 (7172)
14 август 2015 сон

I926 соналда Унсоколове вачIана ДагъЦИКалъул член Муслим Атаев. Ансадерица гьесда гьарана жидее Рихьунибехун Авар гIорда тIасан къо лъезеги, росулъ школа ва больница базеги кумек гьабеян. М. Атаевас гьел мурадал тIуразаризе тIаде босана ва I929 соналда гьел киналго рагIалде рахъинаруна.

Районалъул юбилеялде рачIунаго

БатIи-батIиял заманаялда районалъул гIумро

(Байбихьи араб номералда)

Рагъул тIоцересел къоязда нахъеро цIакъго тIад кIвар кьун гьабулеб букIана нухал къачIай ва цIиял нухал гьари. Кидагосеб хъаравуллъиялда гъоркь букIана чIезабун ЧIиркъатIаса Унсоколобе ва гьенисан росабалъе почта рехиялъул хIалтIи.

Рагъда бугеб армиялъе кумек гьаби букIана аслиязулги аслияб масъала. I94I соналъул I4 августалда районалъул захIматчагIаз оборонаялъе кьуна 57342 (дол соназул гIарцул къиматалда) гъурущалде заемал, 2205 гъурущ жибго гIарац, 375 захIматкъоязде кколеб росдал магIишаталъул продукция, 4 оц, I куй, I3I кг. пихъги, 11 гъурущ биунеб гIарац, 3 самовар, 4 гIеретI, 2 тIарсги.

Гьебго соналъул I8 августалда оборонаялъул фондалде бачIана 36580 гъурущалде заем, кинабниги гIарац 53475 гъурущ. 6 сентябралде кьурал баяназда рекъон оборонаялъе битIун ун буго херечIдерил ва игьелдерил колхозчагIаз чIагояб цIайиялда 379 кг. гьан.

Райпищекомбинаталъул хIалтIухъабаз жидерго харжалдасан кьуна 235 гъурущ, ХъахIабросдерил колхозалъ ва колхозчагIаз 3730 гъурущалде заемал, 37 захIматкъо (I94I соналъул I4 августалда), I8 августалда абуни ХъахIабросдерил гIадамаз кьун буго 530 гъурущалде заемги 50 захIматкъоги.

Унсоколо ФКЗялъ, I3 чиясдасан гIуцIа раб коллективалъ, I230 гъурущалде заем хъваялдалъун кумек гьабуна оборонаялъе. Гьездасан 500 гъурущалде заемал кьуна Р. МуртазагIалиевас, 400 гъурущалде К. ХIажиевас ва 200 гъурущалде ГI-К. СултIановасги.

Райздравоотделалдаса Лазутенко абулев хIалтIухъанас гьарулеб буго рагъ къотIизегIан жиндир щибаб моцIрол харжалдаса I0 хIалтIул къоялъул мухь кквейилан ва штабалде босун бачIун буго 300 гъурщил заемалги. Госбанкалъул хIалтIухъабаз бачIун буго 1110 гъурущалде облигациял, гьединго жидерго харжалдаса I80 гъур., 50 коп. гIарацги. Ансадерил тIилазул артелалъ кьун буго 3205 гъурщил заем, гьединго райОНОялъул I2 чияс I780 гъурущ, Унсоколо росдал Советалъул хIалтIухъабаз ГIабдурахIманов Мусаца 250, ГIабдулхаликъов МухIамадица 250 гъурущалде кумек гьабуна.

Гьеб кинабго букIана рагъул тIоцебесеб соналъ фронталъе кумек гьабиялъул цо-цо сводкаби. Районалъул захIматчагIаз фронталде рагъухъабазе битIулеб букIана кванил продуктабазда ва гIарцуда цадахъго хинаб ретIел, тIагърал, хьитал ва цогидабги. Кьолеб букIана цIокотIехьгицин. Дол соназда районалъ шефлъи гьабулеб букIана Буйнакск шагьаралда букIараб № 2039 госпиталалда тIадги. Архивалда цIунун руго гьадинал хъвайхъвагIаял:

«№ 2039 госпиталалъул комиссарасухъе. Унтарал ва лъукъарал боецазда тIад шефлъи гьабизе босарал Унсоколо районалъул колхозаз ва колхозчагIаз битIулеб буго гьаб гьитIинабго сайгъат, ай гьез ракIарарал продуктабазул тIоцебесеб партия. ВКП (б) ялъул Унсоколо райкомалъ гьарула нижер районалъул захIматчагIазул рахъалдасан бугеб гьаб мукъсанабго подарка къабул гьабе,-ян. Гьарула гьединго гьаб подарка кьезе гьенире рачIарал нижер вакилзабазе унтарал боецазде тIаде раккизе ине изну кьеян. Гьелдалъун нилъер бахIарчияб БагIараб Армиялъулги ва тылалъулги бухьен щула гьабиялъе квербакъиги гьабеян. Гьелъги цо къадаралъул кумек гьабизе буго вахIшияв тушманасда тIад босулеб бергьенлъи гIагар гьабизе.

ВКП (б) ялъул Унсоколо райкомалъул секретарь Кулагин».

«ВКП (б) ялъул Унсоколо райкомалъул секретарь гьалмагъ Кулагинихъе.

№ 2039 госпиталалъул командованиялъ ва гьенир сах гьарулел ругел боецаз ракI-ракIалъулаб баркала кьола Дуе ва нижер госпиталалда ругел боецазе подаркаби ракIарарал нужер районалъул колхозчагIазда лъазабе гьезул сайгъатаз нугIлъи гьабулин фронталъулги тылалъулги гъункараб цолъиялъе ва цадахъаб къагIидаялъ къуватги кьун фашистазул вахIшиял бандал щущахъ рихизаризе нилъер халкъалъул бугеб ракIчIараб къасдалъе. Жиндирго иргаялда нижер госпиталалъ тIаде босулеб буго лъикIаб балагьиялдалъун унтаразул тIалаб гьабизе ва гьел къокъаб заманалда нилъер бахIарчияб БагIараб Армиялъул кьеразде тIад руссинаризе.

Нужехъа подаркаби къабул гьарулаго нижеца кинабго жоялъул актаби гьаруна ва гьел кьуна гьаниве вачIарав ГIабурахIманов Мусахъе.

№ 2039 госпиталалъул начальник, III рангалъул рагъулав врач Левашенко».

Рагъул соназда фронталъе бихьулеб кумек гьабуралъухъ СССРалъул ТIадегIанав БетIерав рагъулав командующий И. В. Сталиница районалъул захIматчагIазе баркала кьун кIицIулго телеграмма бачIана районалде.

* * *

Жакъа заманалда ракIалде ккезе бегьула кIудияб жойищ гьеб букIараб цо-цо хъизаналъ фронталъе кумек гьабун битIулеб букIараб цо горде, цо тIажу яги тIагъур, ялъуни дагьа-макъабго гIарац абун. ХIисаб гьабеха кинаб заман гьеб букIарабали, дол соназда къавулъ кваназе жо гьечIого гIодоса гIурччинлъи кванан ва гьелъги ракъи нахъ чIвачIого чанго чи ракьалде ана нилъер росабалъа. БитIухъе абулеб бугони ракъуца хвана. Хурги бачIинчIелъул дол саназда. Гьедин жалго ракъунги рукIун тушман щущахъ виххизави мурадалда фронталде битIулеб букIана кинабго жо. Гьеб букIана нилъер халкъалъул кIудияб бахIарчилъи ва кумек.

(Хадусеб букIине буго)

Советияб гIуцIиялъул байбихьи

I92I соналда Темир-Хан Шураб тIобитIана Дагъистаналъул магIарулазул тIоцебесеб съезд. Гьелда гIахьаллъизе рачIун рукIана И. В. Сталин ва Г. К. Орджоникидзе. Гьениб И. В. Сталиница Дагъистаналъе автономия лъазабуна.

Гьеб съездалъул делегатлъун вукIана Гъойсубулинский обществалдсан ХIасанов ХIажибудай. Дагъистаналда жеги рагъал унел рукIана. ХIоцоса Нажмудинилги Хунзахъа Хъ. ГIалихановасулги бандаз ярагъ гIодоб лъун букIинчIо. Гьединлъидал XI. ХIасановасе рес букIинчIо Генусан Темир-Хан Шураве ине. БагIарав партизан тушмансухъе щвезе бегьулаан. Гьединлъидал гьев рихьундерил магIардасан ана съездалда гIахьаллъизе. Гьанже нахъаги цIунун хутIун букIана XI. ХIасановасул магIарулазул тIоцебесеб съездалъул делегат вукIиналъе нугIлъи гьабулеб удостоверение.

* * *

Дагъистаналда Совет власть ахиралде щун щула гьабураб ва I92I соналъул I3 ноябралда И. В. Сталинги Темир-Хан Шураве вачIун, гьениб магIарул халкъалъул тIоцебесеб съездги ахIун, гьениб автономия лъазабун хадуб дагъистанияз байбихьана гIуцIарухъанлъиялъулал хIалтIабазде. Гьай-гьай гьелъие квал-квалал гьарулел рукIана XI. Нажмудин, Н. Тарковский, полковник Хъ. ГIалиханов гIадал мискин халкъалда тIад кьан бан ругьунал жанисел тушбабаз. Гьезде данде бахъана халкъалъул гъункараб къуват ва гьел ахиралде щун къезаруна. Ва байбихьана цIияб гIумро гIуцIизе. Гьелде абуни цIакъ цебегоялдаса нахъе анищалги къасдалги рукIана магIарулазул.

Дол соназда битIухъего граждан рагъул цIадулъан гIуцIана Унсоколо партиялъул ги комсомолалъулги ячейкаби. I922 соналда гIуцIараб партиялъул ячейкаялъул секретарьлъун вукIана Ибрагьимов ХIажи, комсомол организациялъул ячейкаялъул ХIамзатов МухIамадгIали (ХIасанил). Гьел соназда тIоцересел коммунисталлъун рукIана Ибрагьимов ХIажи, ХIусенов МухIамадтIагьир, Керимов ГIабдулхIаким, ХIусенов СагIадула. ТIоцересел комсомольцаллъун рукIана ХIамзатов МухIамадгIали, МухIамадханов ГIабдулбасир, ГIалиев ГъазимухIамад, Ибрагьимов ГIабдула ва цогидалги.

I924 соналда Унсоколо рагьана байбихьул школа. Гьениб гIажам ва латын хъвайхъвагIаязда дарсал кьолел рукIана гьелъул заведующий ГIашилтIаса Малачиханов Саладиница. I933 соналда гьеб школа сверизабуна анкьго сонил школалде ва I937 соналда тIоцебе школа лъугIаразда гьоркьор рукIана АхIмадинова ГIайшат, ГIабдурахIманов МухIамадгIали, ХIамзатова ХIайиги.

I927 соналда байбихьана росулъ школалъул ва больницаялул минаби разе ва I929 соналда гьел хIалтIизаризе кьуна. I928 соналда росулъ хIалтIулеб букIана пихъил консервал гьарулеб завод.

Унсоколо росдал магIишат цолъизабизе байбихьула I932 соналъул 29 декабралда. Гьеб цолъиялъулъ гIахьаллъизе тIоцебе гIарза кьола ГIусманов МухIамадгIалица, СултIанов МухIамадгIалица (квачIикъ), ГIабдурахIманов Мусаца, кинавниигги 29 чияс. Гьеб цолъиялъе председательлъи гьабуна М-ГI. ГIусмановас. Хадуб I935 соналъул I августалда М. ГIабдурахIмановасул председательлъиялда М. Дахадаевасул цIар лъураб колхоз гIуцIула ва I939 соналъул I8 марталда гьеб колхозалде росдал магIишаталъул киналго бутIаби журала.

Гьебго заманалда гIуцIула ХарачIи Буденновасул цIар лъураб колхоз ва I950 соналда гьеб М. Дахадаевасул колхозгун цолъизабула. Колхозалъул тIоцересел стахановцаллъун рукIана Дахадаева ГIайшат, ГIамирханова Меседо, МухIамадова ГIазизат (ДахIадал), Якъубова ХIалимат, ВухIамаева ГIабидат (гаргар), МухIамадова ГIащат (Ражабил) ва гьез Москвалда тIобитIараб ТIолгосоюзалъул тIоцебесеб ударниказул съездалда ва халкъияб магIишат цебетIезабиялъул выставкаялда гIахьаллъи гьабуна.

М. Дахадаевасул цIар лъураб колхозалъе гIемераб заманаялъ бетIерлъи гьабуна социалистияб цIиябщинаб росулъ тIибитIизабиялъул хIаракатчи, лебалав коммунист МухIмадгIали ГIусмановас ва колхозалъул тIоцересел галабазул хIакъалъулъ гьадин бицунаан гьес:

-Дагъистаналда Советияб власть щулалъун хадубги жеги гIемераб къеркьей гьабизе ккана басрияб дунялалъул заралиял хутIелал тIагIинариялъеги ва цIияб гIумро гIуцIиялъеги. РакIалде рачIуна колхозиял магIишатал гIуцIулел сонал, цин гьел гIуцIилалде байбихьарал «Гьудуллъиялъулал колхозиял».

Гьединаб цолъи Унсоколо гIуцIана I932 соналда. Гьелъул членсабилъун 29 чиги вукIана, гьоркьоб бугеб магIишатги букIана, тIад пихъ бижулебниги ва бижуларебниги, кинабниги I000 гъветI. Гьеб цолъиялъул председательлъун вукIана дун. Гьел гъутIби тIад ругел кIиго гектар гIанисеб ракьги букIана нижеца хIалтIизабулеб. ТIокIаб щибго гIи-цIани, боцIи-панзги нижехъ букIинчIо. Ниж данделъулеб яги жанире руссунеб бакIги концеляралъе нижер букIинчIо.

ХIалтIи гIуцIизеги ва цIиял членал тIаде цIикIкIинаризеги дие кумек гьабуна СултIанов ГIабдулхIамидица, МалламухIамадов ИсмагIилица, СултIанов МухIамадгIалица (квачIикъ) ва ГIабдурахIманов Мусацаги. I932 соналъул ахиралда нижеда кIвана членсабазул къадар 66 чиясде бахинабизе.

I935 соналда гIуцIана М. Дахадаевасул цIар лъураб колхоз. Гьеб соналда колхозалде бачIана I35 бетIер гIицIаназул, 3 чIегIерхIайван, цо чу. Гьеб кинабгоги кулаказул бахъараб букIана. Пихъил гъутIбузул къадарги гьеб соналъ 4000 ялде бахана.

I939 соналъул I8 марталда киналниги гIадамал гIахьаллъараб колхозияб магIишат гIуцIана ва гьелъул уставги къабул гьабуна жамагIаталъул собраниялда. Гьеб мехалда ансадерил колхозалъул букIана 500 чIегIерхIайванги 3000 бетIер гIи-цIаназулги, 200 гектар ахазулги. Гьеб соналъ цо захIматкъоялда хадуб 7 гъурущ гIарацги, 5 килограмм цIоросаролъилги щвана. ТIоцересел хIасилаз захIматчагIазул колхозияб магIишаталде бугеб рокьи ва гъира цIикIкIинабуна.

I940-I94I соназда дун председательлъиялдасаги хисун парторганизациялъул секретарьлъун вищана. I945 соналде щвезегIан колхозалда 6 председатель хисун вуго. I945 соналда цIидасанги гьеб хъулухъалде тIамуна дун ва I964 соналъул ахираллде щвезегIан, 20 соналъ хисичIого гьеб хIалтIуда вукIана. Соналдаса соналде цебетIун бачIана колхозияб магIишат, лъикIлъана гьелъул членазул материалияб рес буголъи.

Здоровье

БАДы. Что это такое?

Сегодня о БАДах говорят многие. Одни ругают, другие неистово защищают. Кто прав? Имеют ли право БАДы на существование? Что такое БАДы и можно ли без них обойтись? Чем отличаются препараты БАД от обычных лекарственных средств и как определить границу между ними? Вопросов так много, что разобраться в них простому человеку часто бывает очень сложно. В последнее время много противоречивой информации встречается в средствах массовой информации о том, что такое БАДы.

Когда БАДы приходят на помощь? Зачем вообще нужны препараты БАД, если люди жили прекрасно и без них? Да, жили и прекрасно жили, до двадцатого века. Именно в двадцатом веке были придуманы химические удобрения для почв. До этого, наши предки держали землю «под паром», то есть ничего не сажали на ней определенное время, давая земле возможность «отдыхать», вбирать в себя минеральные вещества, витамины, органические соединения, которые впоследствии при посадке земля отдавала растениям. Эти растения служили пищей для животных. А люди использовали в своем питании и растения, и животных. Человек жил в гармонии с природой, а в природе был строгий баланс. В двадцатом веке в эту идиллию вмешался научно-технический прогресс. Химические удобрения дали возможность человеку интенсивно и беспощадно эксплуатировать почвы, сажать каждый год и даже несколько раз в год, и при этом получать хороший урожай. Почвы стали бедными на питательные вещества, которых, кстати, человеку требуется около 600. Специалисты отмечают, что почвы в современном мире истощены, примерно, на 70%. Вдумайтесь в этот показатель! Здесь уместно вспомнить слова Гиппократа, который говорил «Делайте лекарством свою пищу, а пищей – лекарство». Колоссальный дефицит минеральных и питательных веществ в продуктах питания провоцирует множественные осложнения и заболевания, приводит к преждевременному старению, сокращает продолжительность жизни. И здесь на помощь приходят препараты БАД!

Лечат БАДы или не лечат?

Зачем нужны БАДы, если они не лечат? Да, не лечат, а могут лишь подпитать организм витаминами и минералами, могут способствовать укреплению и оздоровлению организма. Это касается основной массы случаев использования БАДов, хотя есть и исключения. БАДы отзывы людей, которые имею опыт их применения, это подтвердят, по крайней мере, в тех случаях, когда под словосочетанием лечение болезни подразумевается получение стремительного и явного результата. Однако смотрите, употребление анальгина убирает боль, а парацетамол снижает температуру тела, но это еще не значит, что вы вылечили причину этой боли и повышенной температуры. А женьшень еще как лечит, хотя – это препараты БАД! Вообще многие люди излишне много надежд возлагают на таблетки и пилюли, полагая, что раз они купили их в аптеке и начали применять, на следующее утро или через неделю они должны избавиться от целого «букета» заболеваний. Которые их беспокоили в течение десятилетий. Нет таких удивительных таблеток! Нет, и врядли появятся в обозримом будущем. Можно быстро убрать только симптомы заболевания, но чем серьезнее заболевание, тем больше времени и усилий требуется на исцеление организма от этого заболевания. И люди должны это понимать!

БАДы и лекарственные средства. В чем различия?

И здесь возникает еще один вопрос: есть лекарственные средства, которые лечат, зачем тогда использовать при лечении заболеваний БАДы, ведь у них совершенно другие функции. Между БАДами и лекарственными средствами существуют огромные и очевидные различия. Лекарственное средство действует на человеческий организм быстро и мощно, однако может дать целый ряд побочных эффектов и осложнений. У лекарственных средств существует и ряд противопоказаний к применению. В основной массе случаев – это попытка работать вместо иммунной системы. Препараты БАД, как правило, не вызывают побочных эффектов, они не лечат организм, а оздоравливают его. БАДы не дают быстрого результата. Минимальное время, при котором проводят лечение БАДами 3 - 6 месяцев. Первые результаты человек почувствует только спустя месяца два, не ранее. Однако, как же ученые определяют, к примеру, во время регистрации, БАД это или лекарственное средство, опасен или не опасен, лечит или не лечит? А вдруг лечит, но не опасен, то что это? В наше время БАДами называют безопасные для организма препараты, которые не имеют ограничений в применении, и которые произведены из природного сырья. Прежде всего, БАДы помогут людям с нарушением гормонального статуса, людям, склонным к ожирению, гипертонии, а также тем, у кого понижен иммунитет. Употребление БАДов благоприятно сказывается и на состоянии кожи, волос, ногтей. Назначать БАДы, особенно детям, должны врачи, а также специалисты, прошедшие обучение по применению пищевых добавок. Выпускаются БАДы, как и лекарственные средства, в виде бальзамов, экстрактов, спиртовых настоек, настоев (без спирта), кремов, сухих и жидких концентратов, сиропов, таблеток, порошков и так далее.

Как работают БАДы?

Подавляющее большинство БАДов обладает различными лечебными и оздоровительными свойствами, если поступает в организм в определенных количествах, пропорциях и сочетаниях. Отличие БАДов от лекарственных средств еще и в том, что БАДы помогают организму провести самонастройку и устранить нарушения, приводящие к развитию того или иного заболевания. Препараты БАД не работают вместо регуляторных систем организма, а устраняют дефицит или избыток каких-либо соединений в организме человека. БАДы купить стоит, чтобы восстанавливать организм без нанесения ему ущерба, без разрушительных побочных действий, свойственных многим лекарствам. Если вы для себя решили: «куплю БАДы!», выбирайте только те добавки, которые имеют стандарт качества GMP, так вы себя обезопасите от некачественного продукта.

Лучшие БАДы

Во всем мире уже около 60% населения принимает БАДы. В странах СНГ этот процент существенно ниже. Ввиду всех современных рисков и неблагоприятных факторов, нам всем в скором времени придется начать разбираться с БАДами и применять их, если мы хотим быть здоровыми. Нужно выбрать для себя лучшие БАДы! Обратите внимание на линейку препаратов Трансфер Фактор. Это продукты высокого качества, которые производит американская компания 4 life. Препарат Трансфер Фактор в руках врача – мощное и эффективное лечебное средство, а для нас всех без исключения – препарат для оздоровления и укрепления организма, который может принести огромную пользу. Не нужно воспринимать Трансфер Фактор, как обычный иммунный препарат, как широко всем известный иммуноактиватор, иммунностимулятор, иммунокорректор, иммуномодулятор или же иммуноиндуктор. Трансфер Фактор – это «умный», эффективный и мощный регулятор иммунной системы человека, который в такой мере повышает её возможности, что именно правильное и адекватное функционирование иммунной системы, зачастую, становится решающим и доминирующим фактором в излечении многих заболеваний, особенно тех, при которых патогенетического лечения, по сути, никогда прежде и не существовало! Иммунодефицит сегод ня явление настолько распространенное, что препарат, способный совладать с этим состоянием должен быть известен каждому человеку. Это не только вопрос здоровья, это и вопрос жизни, так как именно иммунная система человека – самый надежный и адекватный защитник организма.

А. ДЖАМАЛУДИНОВ.
Заведующий Ирганайской УБ

Крымская геморрагическая лихорадка и ее профилактика

(КГЛ) – особо опасная природно-очаговая вирусная инфекция, с тяжелой интоксикацией организма, с поражением сосудистой и свертывающей систем, который приводит к кровотечениям различного характера от незначительных геморрагических высыпаний домассывних кровотечений (желудочных, носовых, маточных, легочных и др., который приводит к смерти).

Источником заражения для человека является пастбищные иксодовые клещи, которые распространены в степных, лесостепных местностях.

Основными прикормителями клещей является крупный и мелкий рогатый скот. Заряжение этой инфекцией человека происходит при укусе клеща, при контакте с ними во время ухода за сельскохозяйственными животными.

Больной человек также является источником инфекции для других людей через кровь и выделения, который содержит вирус (кровь, рвотные массы, слюна, мокрота).

Человек может заразиться при убое сельскохозяйственных животных.

Инкубационный период, т. е. с момента заряжения до появления первых признаков болезни длится от 2 до 14 дней, т. е среднем 3-4 дня. Заболевание начинается с высокой температуры до 39-40 градусов, головных болей, болей в мышцах, суставах, живота и в поясничной области. У больных с лихорадки появляется покраснение лица, передней поверхности груди, слизистых глаз, наблюдается головокружение, рвоты, могут быть и судороги. Через несколько дней (около двух дней) температура у больных снижается до нормы, и последующем вновь повышается и появляется геморрагические высыпания на боковых поверхностях туловища или кровотечение из легких, матки и других. И больной может умереть от кровотечения.

В целях личной безопасности надо использовать защитную одежду при выходе на природу, в том числе и на пастбище, полевые работы. Одежду необходимо обработать репилентами, которых отпугивает клещей.

При укусе клеща надо сразу же обращатся в эпид. отдел ЦРБ и наблюдает за укушенным течение 14-ти дней. Ежедневно 2 раза в сутки измеряют температуру и фиксирует в обсервационном

листе и снимается с наблюдения через 14 дней. А если вновь повысилась температура укушенного госпитализирует в инфекционном отделении.

Ч. АЛИЕВА.
Эпидемиолог, инфекционист

Спорт:

Участвовали в турнире

Сборная волейбольная команда Унцукульского района приняла участие в волейбольном турнире, посвященной юбилею Муху Алиева, который проводилась в Хунзахе Хунзахского района.

Участие в турнире приняли 7 мужских команд. После ярких, порой эмоциональных и бескомпромиссных состязаний волейболистов определились победители. Ими стали команды; первое место — с.Голотль Шамильского района, 2 место — Гунибский район, 3 место — Хунзахский район, 4 место — Унцукульский район. Так как Унцукульская команда показала красивую, зрелищную игру и за то, что команда молодая, организаторы турнира дополнительно наградили команду денежным призом. Были поощрены денежными призами лучшие игроки нападения, защиты, распасовки. Лучшим распасовщиком турнира стал игрок сборной команды Шамиль Газимагомедов. Организаторы турнира поблагодарили и.о. Главы МО «Унцукульский район» И. Нурмагомедова, за подготовку и поддержку такой команды и пожелали волейболистам спортивной удачи.

Газета основана 1937 г. **УЧРЕДИТЕЛЬ:** **Администрация** **Унцукульского района** **Главный редактор** **САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВА**	**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД** **Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.** **Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**	**Адрес редакции:** **51373** **Унцукульский район** **с. Унцукуль** **ул. Мустафаева 28** **Телефон редактора** **55-63-07** **sadovoduns@yandex.ru**	Адрес издателя: г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21 Подписано в печать -13 . 8. 15 г. 13, 10 фактически -16.30 мин. ..... Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1500 экз.